



Pou Piblikasyon Imedya: 12/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL REKONÈT SÈVIS EKSTRAWÒDINÈ FÒS DEFANS ETA NEW YORK LA

Prezante sitasyon pou kat moun, de gwoup manm fòs defans

Gad Nasyonal New York te dirije nasyon an nan rekritman ak retansyon ane pase a

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te rekonèt sèvis ekstrawòdinè fòs defans Eta New York la lè li te prezante sitasyon pou kat moun ak de gwoup manm fòs defans ki te kontribiye odela nan akonpli misyon yo epi reprezante eta ak nasyon nou an nan mond lan. Majò Jeneral Michel Natali, Jeneral Adjwen Gad Nasyonal New York, te rejwenn Gouvènè Hochul pou seremoni demen an.

"Fòs defans Eta New York yo se yon modèl pou sèvis ak ekselans atravè mond lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou rekonèt moun ak òganizasyon sa yo pou aksyon egzanplè yo nan sèvis yo, n ap ogmante devosyon yo pou pwoteje Nouyòkè yo, epi n ap angaje tèt nou nan menm bagay la."

Ane pase a, Gad Nasyonal New York te dirije nasyon an nan rekritman ak retansyon, epi gouvènman federal la te klase Gad Nasyonal New York la kòm nimewo en pou "sante fòs." Dènyèman, pèsonèl Gad Nasyonal New York te ede reponn ak evènman move tan yo, li te bay sipò pou moun k ap chèche azil yo, epi yo te deplwaye nan sistèm metwo NYC a pou sipòte efò sekirite piblik yo. Joint Task Force-Empire Shield (Gwoup Operasyonèl Entè-ame Empire Shield) te fòme apre atak teworis 11 septanm 2001 yo, epi li sèvi kòm fòs sekirite ki responsab an pati defans militè Vil New York. Chak jou, Joint Task Force-Empire Shield ap pwoteje gwo sant transpò ak rezo k ap ede lapolis, ki gen ladan sistèm tren an. Apeprè 100 manm fòs defans New York ki te reponn ak atak teworis yo toujou an fonksyon jodi a.

Gouvènè a te prezante sitasyon pou: Kaporal Patricio Rubilar, Milis Naval New York; Sèjan Brian Salcedo, Milis Naval New York; ak Sèjan Desany Jacques, Gad Nasyonal Lame New York ak SSG Joel Strickland, Gad Nasyonal Lame New York.

Benefisyè Sitasyon yo se:

Kaporal Patricio Rubilar, Milis Naval NY: Nan dat 12 jen 2024, pandan yo te plase li nan Bellerose Inn la, paran yon moun k ap chèche azil te avèti Kaporal Rubilar ke pitit sis ane li a t ap toufe. Kaporal Rubilar imedyatman te fè entèvansyon nan chanm nan kote li te jwenn yon timoun sis zan toufe nan yon objè. San ezite, Kaporal Rubilar netwaye pasaj ki bouche a lè li fè manèv Heimlich la, finalman li te sove lavi timoun ki gen sizan an.

- **Sèjan Brian Salcedo, Milis Naval NY:** Nan dat 28 jen 2024, pandan yo te plase li nan Superlake Hotel la, Sèjan Salcedo te fè entèvansyon pou yon manman ak yon timoun lè timoun nan pa t ap respire oswa pa t reponn. Sèjan Salcedo imedyatman fè manèv Heimlich la sou timoun nan, ki answit te touse yon pyès santim epi li te kòmanse kriye. Yo te retounen tibebe a bay manman l epi yo pa t bezwen plis swen medikal.
- **SSG Joel Strickland, NYARNG & Sèjan Desany Jacques, NYARNG:** Nan dat 20 me 2024, SSG Joel Strickland ak Sèjan Desani Jacques te ede sove lavi yon nonm ki te pran kout kouto nan estasyon tren Queens la. Mesye yo te itilize konpetans medikal yo ak twous chòk yo pou yo kanpe san an epi estabilize viktim nan. Manm Gad Nasyonal yo t ap fè rapò sou pòs kontwòl nan estasyon tren Sutphin Boulevard ak Archer Street. Yo te fè pati Joint Task Force-Empire Shield la, ki gen ladan 780 sòlda ak avyon ki sèvi nan sèvis aktif eta pandan y ap fè fòmasyon anyèl yo ak peryòd egzèsis yo. Yo bay sekirite nan estasyon tren vil yo ak estasyon tren yo ak nan ayewopò yo ak pon yo.
- **Kolonèl Jeffrey Roth nan non Joint Task Force-Empire Shield:** Kolonèl Jeffrey Roth ap sèvi kòm kòmandan Joint Task Force-Empire Shield la. Kounye a li an konje nan travay sivil li, kòm Komisè Adjwen Depatman Sèvis Veteran Vil New York. Li te deja deplwaye nan Mwayen Oryan epi li te resevwa yon kantite prim pou sèvis li.
- **Kolonèl Glyn Weir nan non 106yèm Inite Sovtaj la:** Kolonèl Glyn Weir se kòmandan 106èm Gwoup Sipò Misyon an depi me 2021. Weir te sèvi an Irak ak Afganistan epi li te deplwaye plis pase yon douzèn fwa. Anplis de sa, li te sipòte operasyon domestik pandan siklòn ak lòt misyon sekou epi tou li te sipòte NASA, pi resamman li te teste taktik, teknik, pwosedi ak ekipman sekou yo itilize pou retou nou nan vòl espas imen.

Enfòmasyon sou Fòs Defans Eta New York la

- **Joint Task Force-Empire Shield:** Joint Task Force-Empire Shield (JTF-ES) te fòme an repons ak atak teworis yo nan dat 11 septanm 2001, pou pwoteje Vil New York kont atak fiti yo. Joint Task Force-Empire Shield se òganizasyon militè pèmanan Eta a ki planifye ak prepare pou sipò defans nan misyon otorite sivil yo atravè zòn Vil New York la. Chak jou, Joint Task Force-Empire Shield pwoteje gwo sant transpò ak rezo yo pandan y ap ede lapolis, ki gen ladan sistèm tren an. Se yon kolonèl ki kòmande inite a epi li gen anplwaye konjwen ak pèsònèl Lame ak Gad Nasyonal Ayeryèn New York (New York Army and Air National

Guard) ansanm ak manm Milis Naval New York (New York Naval Militia) la ak Gad New York (New York Guard) la. Gouvènè a anplwaye gwoup travay la atravè adjwen jeneral la. Inite a gen resous eta a epi soutni pa Gad Nasyonal New York la pou sipòte jesyon ijans eta ak vil yo ak ofisyèl lapolis yo avèk yon fòs repons rapid manm Gad Nasyonal yo pou misyon sekirite nasyonal yo. Nan fen ane 2023 te gen 707 pèsonèl ki te asiye nan misyon pou ogmante antite fòs lòd lokal, eta ak federal nan gwo sant transpò yo. Jodi a, gen anviwon 100 manm NYNG ki toujou an sèvis ki te reponn ak atak teworis yo sa gen 23 ane.

- **106yèm Inite Sovtaj la:** Inite a trase istwa li soti nan Dezyèm Gè Mondyal la lè yo te vole bonm nan batay kont fachis an Ewòp. Yo vole regilyèman nan danje epi yo fè sovtaf ayeryen pandan evènman move tan yo. Ane pase a, yo te jwe yon wòl esansyèl nan rechèch sibmèsib Titan ki te disparèt la. Anplis de sa, nan dat 11 septanm 2001, premye gad nasyonal aeryen ki te sou sèn nan anba lavil NYC se te 106yèm Inite Sovtaj la.

Jeneral Adjwen Eta New York, Raymond Shields, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li rekonèt gason ak fanm Gad Nasyonal New York ak Milis Naval New York, ak efò yo fè chak jou pou ede Nouyòkè parèy nou yo epi defann Etazini. Nou fyè pou nou sèvi eta nou an ak nasyon nou an ak moun nan kominote n ap viv yo nan tout Eta a."

Jeneral Adjwen Eta New York, Michel Natali, te deklare, "Sòlda yo ak Avyatè Gad Nasyonal New York yo fyè de istwa 350 ane nou an nan defann eta ak nasyon nou an lè yo mande yo. Manm Gad Nasyonal, ak Milis Naval New York, fè pati kominote yo atravè eta nou an epi nou onore pou nou kapab sèvi zanmi ak vwazen nou yo lè sa nesese. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te pran tan pou rekonèt sèvis sa a."

Senatè Eta Cordell Cleare, te deklare, "Mwen kontan ke Gouvènè Hochul ap rekonèt Gad Nasyonal la. De ofisyè sa yo se premye egzanp kouraj yo ak dezenteresman yo. Nou gen anpil apresyasyon pou Gad Nasyonal la. Nou remèsye manm yo pou sèvis yo ak devouman yo. Travay yo fè ki vizib ak envizib pwoteje nou chak jou nan eta New York."

Manm Asanble Kimberly Jean Pierre, te deklare, "Antanke Prezidan Komite Afè Veteran yo, mwen gen anpil imilite pou m kanpe ansanm ak Gouvènè Hochul nan onore kouraj remakab ak devouman fòs defans Eta New York yo. Moun ak gwoup nou rekonèt jodi a te montre yon angajman ekstrawòdinè pou pwoteje kominote nou yo. Aksyon dezenterese yo se yon rapèl pwisan sou konbyen nou konte sou yo pou asire sekirite ak byennèt chak Nouyòkè. Soti nan ewoyik ki sove lavi rive nan Kaporal Patricio Rubilar ak Brian Salcedo, rive nan aksyon rapid ak desizif SSG Joel Strickland ak Sèjan Desany Jacques, ak lidèchip fèm Kolonèl Jeffrey Roth ak Kolonèl Glyn Weir, sa yo se jis kèk egzanp briyan nan kouraj ak devouman chak jou ki nan ran nou yo. Gason ak fanm yo nan Joint Task Force-Empire Shield ak 106yèm Inite Sovtaj la kontribiye odela sèvis yo, epi sakrifis yo pa pase inapèsi. Nou dwe yo chak pi pwofon rekonesans nou pou devouman enkondisyonèl yo anvè eta nou an ak nasyon nou an."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)